## IV ТЕМА

# Референдум өткериўши участка комиссиясының даўыс бериў күниндеги искерлиги

1. Референдум өткериўши участка комиссиясы жайласқан имараттағы даўыс бериў ханасының таярлығын көзден кешириў

2. Референдум өткериўши участка комиссиясы ағзалары ортасында ўазыйпаларды бөлистириў, даўыс бериўши пуқаралар дизими ҳәм даўыс бериў бюлетенлерин бөлистириў, даўыс бериў қутыларын пломбалаў

3. Даўыс бериў басланғанын жәриялаў

4. Референдум участкасында даўыс бериўши пуқаралардың еркин ҳәм жасырын даўыс бериуин тәмийинлеў

5. Даўыс бериўши пуқаралардың турған орнында даўыс бериўди тәмийинлеў

## 1. Референдум өткериўши участка комиссиясы жайласқан имараттағы даўыс бериў ханасының таярлығын көзден кешириў

Референдум өткериўши участка комиссиясы баслығы референдум күни даўыс бериў имаратына келгенинен соң, участка комиссиясы ағзаларының барлығы референдум участкасына келгенлигин, келеалмағанлар болса олардың жоқлығы себеплерин анықлаў лазым.

Барлық референдум участкасына тийисли болған асбап-үскенелер өз-орнында турғанлығын және бир бар көзден кеширеди.




Даўыс бериўши пуқаралардың дизими әлипбе тәртибинде таярлығы хәм бюллетенлерге еки участка комиссиясы ағзалары өз имзаларын қойғанлығын хәм бюллетенлерге участка комиссиясы мөриси басылғанлығын тексереди.




## 2. Референдум өткериўши участка комиссиясы ағзалары ортасында ўазыйпаларды бөлистириў, даўыс бериўши пуқаралар дизимин ҳәм даўыс бериў бюллетеньлерин бөлистириў, даўыс бериў қутыларын пломлабаў

Участка комиссиясы баслығы яки баслық орынбасары тәрепинен комиссия ағзаларының даўыс бериў күниндеги ўазыйпалары белгиленеди.

Участка комиссиясының бир ағзасы референдум участкасына келген жергиликли гүзетиўшилер, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралықлық шөлкемлерден гүзетиўшилерди дизимге алыў ушын жуўапкер қылып белгиленеди.

Участка комиссясы еки ағзасы зәрүрлик жағдайына қарап (яғный даўыс бериўшилердиң жазба яки аўызеки мүрәжәти тийкарында) даўыс бериўши пуқаралардың турар жеринде көшпели қутылар жәрдеминде даўыс бериў шөлкемлестириўге жуўапкер етип белгиленеди.

Участка комиссясы бир ағзасы СПБМС дәстүри жәрдеминде даўыс бериўши пуқаралардың мүрәжатине тийкарлана оларды дизимнен излеп таўып оларға тийисли мағлыўматларға анықлық киритиўге жуўапкер етип белгиленеди.

Участка комиссиясы ағзаларына комиссияның еки ағзасы тәрепинен имзаланған, мөри менен тастыйықланған ҳалда таярлап қойылған даўыс бериў бюллетенлери 1-қосымшаға муўапық формасындағы акт тийкарында тапсырылады.

1-ҚОСЫМША

*Референдум өткериўши участка комиссиясында референдум бюллетенлерин комиссия ағзаларына бөлистирип бериў актиниң үлгиси*

**Референдум өткериўши участка комиссиясының**

**АКТИ**

20___ жыл ____ ___________ Ташкент қаласы

Усы акт референдум өткериўши участка комиссиясы баслығы ҳәм ағзасы ортасында даўыс бериў бюллетенлерин тапсырыў ҳәм қабыл қылып алыў ҳаққында дүзилди.

Өзбекстан Республикасы референдумы бойынша ______________ дана даўыс бериў бюллетенлери тапсырылды ҳәм қабыл қылып алынды.

**Тапсырдым:**

**____ - референдум өткериўши участка комиссиясы баслығы:** _______________________ _______________

*(Ф.И.О)* *(имза)*

**Қабыл қылдым:**

**____ - референдум өткериўши участка комиссиясы ағзасы:** _______________________ _______________

*(Ф.И.О)* *(имза)*

Участка комиссиясы ағзаларына, даўыс бериўши пуқараларға тәртипли рәўиште даўыс бериў бюллетенлерин бериў мақсетинде, ҳәр бир участка комиссиясы ағзасына даўыс бериўши пуқаралар фамилиясы әлипбе избе-излигинде даўыс бериўши пуқаралар дизими тийкарында бөлистирип бериледи.

## 3. Даўыс бериў басланғанын жәриялаў

**ДАЎЫС БЕРИЎ БАСЛАНҒАНЛЫҒЫН ДАҒАЗА ҚЫЛЫЎ**

**Даўыс бериў күни референдум участкасында саат 8.00 де Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик гимни жаңрайды.**

**Участка комиссиямының баслығы даўыс бериў басланғанлығын жәриялайды.**

**Участка комиссиясының баслығы комиссия ағзалары қатнасында даўыс бериў қутылардың бослығын тексереди ҳәм оларды бир мәрте исленетуғын пластмасса пломбалар менен плобалайды.**

**Пломбалар номери көрсетилген халда акт дүзиледи.**

***ЯДТА ТУТЫҢ!***

***Даўыс бериў күни референдум участкасында саат 8.00 де Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик гимни жаңрайды.***

Участка комиссиясының баслығы даўыс бериў басланғанлығын жәриялайды.

Стационар ҳәм көшпели даўыс бериў қутылар, пластмассалы пломбалар таярлығын тексереди.

Участка комиссиясының баслығы комиссия ағзалары қатнасында даўыс бериў қутыларының бослығын тексереди ҳәм оларды бир мәрте ислетилетуғын пластмасса пломбалар менен пломбалайды. Пломбалар номери көрсетилген ҳалда 2-қосымшаға муўапық формада акт дүзиледи.

2-ҚОСЫМША

*Даўыс бериў қутысын пломбалаў ҳаққында акт үлгиси*

**_________ - референдум өткериўши участка комиссиясының**

**АКТИ**

20___ жыл ____ ___________ Ташкент қаласы

Қатнасқанлар: Референдум өткериўши участка комиссиясы ағзалары

Усы акт даўыс бериў қутысын пломбалаў ҳаққында.

Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен белгиленген тәртип тийкарында даўыс бериў қутылар __________-санлы, __________-санлы, __________-санлы ҳәм көшпели қуты__________-санлы номерленген пломбалар менен пломбаланды.

**____ - Референдум өткериўши участка комиссиясы баслығы:** _______________________ _______________

*(Ф.И.О)* *(имза)*

**____ - Референдум өткериўши участка комиссиясы хаткери:** _______________________ _______________

*(Ф.И.О)* *(имза)*

**Участка комиссиясы баслығы тәрепинен:**

– референдум участкасындағы даўыс бериўши пуқаралар саны;
– округ комиссиясынан алынған бюллетенлердиң саны;
– мүддетинен алдын даўыс берген пуқаралар саны айтылады.

Участка комиссиясы баслығы яки оның орынбасары жергиликли гүзетиўшилер, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралықлық шөлкемлерден гүзетиўшилерди тийисли референдум комиссиясы тәрепинен **берилген мандаты ҳәм шахсын тастыйықлаўшы хүжжети тийкарында дизимге алыўды шөлкемлестиреди.**

Участка комиссиясы оларды **дизимге алғаннан кейин оларға өз ўәкилликлерин толық ҳәмде тосқынлықсыз әмелге асырыўы ушын шараят жаратып береди.**

Участка комиссиясы баслығы, баслық орынбасары яки хаткери тәрепинен даўыс бериў басланғанлығы ҳаққында байланыс құраллары арқалы округ комиссиясына хабар бериледи.

Даўыс бериўши пуқараларға усынылған бюллетенлер санының есабы ҳәр саатта жүритилип барылады.

Участка комиссиясы баслығы даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериўди муўапықластырып барады ҳәмде бақлап барады, зәрүрлик болғанда комиссия ағзаларына жәрдем көрсетеди, ўақтыншалық жоқ болған жағдайларда оларды басқа ағзалар менен алмастырады.

**ЯДТА ТУТЫҢ!**




**Участка комиссиясы участкадағы дизим бойынша даўыс бериўде қатнасыўшы ҳәр бир даўыс бериўши пуқараға бир данадан артық бюллетень берилмеслигин тәмийинлейди.**

Даўыс бериўши хәр бир пуқараға биреўден артық бюллетень берилиўине жол қойылмайды. Бузып қойылған бюллетенди даўыс бериўши пуқараның илтимасына көре тазасына алмастырып берилгенлиги буннан тысқары.

## 4. Референдум участкасында даўыс бериўши пуқаралардың еркин хәм жасырын даўыс бериўин тәмийинлеў

Даўыс бериў референдум күни саат 8.00 ден 20:00 ге дейин өткериледи.

Даўыс бериў имаратына келгеннен соң, даўыс бериўши пуқара участка комиссиясының ағзасына өз шахсын тастыйықлаўшы хүжжетти көрсетеди (паспорт, ID-карта, әскерий гуўалық, жаңа көринистеги миллий айдаўшылық гуўалығы, пуқаралық паспортын жойтқан пуқараларға ишки ислер органлары тәрепинен берилген ўақтыншалық мағлыўматнама, жазаны өтеп болғанлық яки жазадан азат қылынғанлық ҳаққындағы мағлыўматнама) ҳәмде даўыс бериўши пуқаралар дизимине имза қояды. Соннан кейин оған бюллетень бериледи.

Бюллетенди ғәрезсиз рәўиште толтырыў имканиятына ийе болмаған даўыс бериўши пуқара өз қәлеўине көре жасырын даўыс бериў кабинасына яки ханасына басқа шахсты шақырыўға ҳақлы, буннан участка комиссиясы қурамына киретуғын шахслар, гүзетиўшилер, ғалаба хабар қураллары ўәкиллери тысқары.



## *ЯДТА ТУТЫҢ!*

***Бюллетенди толтырыў ўақтында даўыс бериўши шахстан басқа шахслардың болыўы қадаған етиледи.***




Пукара өзи даўыс берип атырған вариант туўрысында, оң тарепте, жайласқан бос квадратқа «+» яки «✓» ямаса «х» белгисин қояды.

Бузып қойылған бюллетень пуқараның илтимасына көре тазасы менен алмастырылыўы мүмкин. Бузып қойылған бюллетенлер есапқа алыныўы, бийкар қылыныўы ҳәм айрықша сақланыўы лазым.



**ЯДТА ТУТЫҢ!**

***Даўыс бериў ўақтында участка комиссиясы имаратында болыўға руқсат етилген шахслардан тысқары басқа шахслардың болыўына руқсат етилмейди.***

Имаратта усы зәрүр тәртипти сақлап турыў жуўапкершилиги участка комиссиясының жуўапкершилигинде болады.

Участка комиссиясы имаратында болыўға руқсат етилген шахслар (даўыс бериўши пуқаралардан тысқары) тийисли комиссиялар тәрепинен берилген статусын тастыйықлаўшы мандат (гуўахнамасы)ын басқаларға көринетуғын ҳалда таққан болыўлары шәрт.

Участка комиссиясы даўыс берип болған даўыс бериўши пуқараны имараттан шығарып жибериў шараларын көреди.

Участка комиссиясы баслығы даўыс бериў имаратында тынышлық сақланыўы ҳәм тәртипке әмел қылыныўын тәмийинлеў, даўыс бериў ҳәм оларды санап шығыўда нызамсыз тосқынлықлар пайда болғанында ишки ислер органлары яки миллий гвардия хызметкерлерине мүрәжат қылыўы мүмкин. Бунда, ишки ислер органлары яки миллий гвардия хызметкерлери тезлик пенен ўақыя орнына жетип келиўлери лазым.

**ЯДТА ТУТЫҢ!**

***Ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери тәрепинен референдум участкасы аймағындағы тәртипсизлик, нызамсыз ис-ҳәрекетлер сапластырылғанынан соң участка комиссиясы баслығы көрсетпеси тийкарында референдум участкасы имаратын босатыўлары ҳәм референдум процессине кесент бермейтуғын жерге жайласыўлары шәрт.***

## 5. Даўыс бериўши пуқаралардың турған орнында даўыс бериўди тәмийинлеў

Айрым даўыс бериўши пуқаралар ден-саўлығының жағдайына яки басқа себеплерге көре даўыс бериў имаратына кела алмаған жағдайларда, тийисли участка комиссиясы даўыс бериўди усы даўыс бериўши пуқаралардың референдум күни яки референдум күнине дейин қылған жазба яки аўызеки мүрәжатына муўапық олар турар жеринде шөлкемлестиреди.

Бунда участка комиссиясы ағзасы дизимге алыў дәптерине даўыс бериўши пуқараның фамилиясы, аты, әкесиниң аты, жасаў орны, мүрәжат қылынған ўақты ҳаққында тийисли жазыў киритеди ҳәм усы мағлыўматлар участка комиссиясы ағзасының имзасы менен тастыйықланады.

Участка комиссиясы тәрепинен даўыс бериўши пуқара турар жеринде даўыс бериўди шөлкемлестириў ўақты референдум күниндеги ис көлеми ҳәм жағдайдан келип шыққан ҳалда белгиленеди ҳәм әмелге асырылады.

Участка комиссиясының кеминде еки ағзасы көшпели куты менен даўыс бериўши пуқараның турар жерине жибериледи, олар даўыс бериўши пуқараның ерки-қәлеўи сыр сақланыўына әмел қылған ҳалда даўыс бериў әмелге асырылыўын тәмийинлейди. Бунда гүзетиўшилер ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллери қатнасыўы мүмкин.

Турар жеринде даўыс берген даўыс бериўши пуқаралар ҳаққындағы мағлыўматлар ҳаққында участка комиссиясы ағзасы тәрепинен 3-қосымшаға муўапық формасындағы даўыс бериўши пуқаралар дизиминен көширмеге тийисли жазыў киритиледи ҳәм даўыс бериўши пуқара бюллетень алғанлығын тастыйықлап, усы дизимдеги фамилиясы қарсысына имза қояды.

***ЯДТА ТУТЫҢ!***

***Даўыс бериўши пуқара жасырын даўыс берип болғанынан соң даўыс бериўши пуқаралар дизиминиң тийисли орнында (даўыс бериўши пуқараның фамилиясы қарама-қарсысына) «турар жеринде даўыс берди» жазыўы киритиледи.***

3-ҚОСЫМША

## ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ РЕФЕРЕНДУМИ ДАЎЫС БЕРИЎШИЛЕР ДИЗИМИНЕН КӨШИРМЕ

*(турған орнында даўыс бергенлер бойынша)*

__________ - референдум округи

20___ж. «___»________________

*(референдум сәнеси)*

**______________РЕФЕРЕНДУМ УЧАСТКАСЫ**

*(референдум участкасы жайласқан жер – аўыл, қалаша, қала, район, ўәлаят, әскерий бөлими)*

| Т/н | Фамилиясы, аты, әкесиниң аты | Туўылған жылы, айы, күни* | Турар жери | Даўыс бериўшиниң пуқара даўыс бериў бюллетенин алғанлығы ҳаққындағы имзасы |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |

**) Референдум күни 18 жасқа толған даўыс бериўши пуқаралардың туўылған күни ҳәм айы көрсетилсин.*

**Түсиндирме!** Усы дизимге даўыс бериўши пуқаралар ҳаққындағы мағлыўматлар жазыў ручкасы арқалы киритилиўи мүмкин.

Участка комиссиясының баслығы яки баслық орынбасары саат 20:00 де даўыс бериў тамамланғанлығын жәриялайды.

Референдум участкасы имаратында болған даўыс бериўши пуқараларға даўыс бериў ушын имканият бериледи (егер даўыс бериўши пуқаралар бар болса).

Өзбекстан Республикасының сырт ел мәмлекетлериндеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында, әскерий бөлимлерде, санаторияларда, дем-алыў үйлеринде, емлеўханалар ҳәм басқа стационар емлениў мекемелеринде, алыс ҳәм барыў қыйын болған аймақлардағы пуқаралар турған жерлерде, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген референдум участкаларында дизимге киритилген барлық пуқаралар даўыс берип болған болса, участка комиссиясы даўыс бериў тамамланғанлығын қәлеген ўақытта жәриялаўы мүмкин.

Өзбекстан Республикасы аймағында жайласқан референдум участкаларында даўыс бериў қутыларын саат 20:00 ден алдын ашыў ҳәм даўысларды санап шығыўға жол қойылмайды.

Даўыс бериўши пуқаралардың даўысларын санап шығыў участка комиссиясы ағзалары тәрепинен даўыс бериў қутыларында бар болған бюллетенлер бойынша әмелге асырылады. Даўыс бериўши пуқаралардың даўысларын санап шығыў тек ғана даўыс бериў имаратында өткериледи.